



New Jersey Courts

Independence • Integrity • Fairness • Quality Service

Byenveni

Nou kontan pou ede w si nou kapab. Sepandan, yo pèmèt nou ede w nan sèten fason sèlman, kòm nou vle trete tout moun nan ka a san patipri.

Sa a se yon lis sou kèk bagay manm pèsonèl tribunal la kapab ak pa kapab fè pou w. Tanpri li li avèk anpil atansyon anvan ou mande manm pèsonèl tribunal la pou asistans.

NOU KAPAB

- eksplike ak reponn kesyon sou kouman tribunal la mache.
- di w ki kondisyon ou dwe satisfè nan ka w prezante devan tribunal la.
- ba w enfòmasyon sou ka w.
- founi w avèk echantyon fòm tribunal ki disponib.
- founi w avèk konsèy sou kouman pou ranpli fòm.
- nòmalman reponn kesyon sou dat limit tribunal.

NOU PA KAPAB

- ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
 - di w si ou dwe w pa prezante ka w devan tribunal la.
 - ba w yon opinyon sou kisa ki pral rive si w prezante ka w devan tribunal la.
 - fè rekòmandasyon yon avoka, men nou kapab founi w avèk yon nimewo telefòn pou sèvis rekòmandasyon avoka lokal.
 - pale avèk jij la pou w sou kisa ki pral rive konsènan ka w.
 - kite w pale avèk jij la deyò tribunal la.
 - chanje yon jijman ke jij la te emèt.
-

Nap kontan ede w konfòm ak direktiv sa yo.



STUART RABNER
CHIEF JUSTICE

GLENN A. GRANT, J.A.D.
ACTING ADMINISTRATIVE DIRECTOR OF THE COURTS

CN 11221 - HC - JANUARY 2020

Deklarasyon Misyon

WNou se yon divizyon endepandan nan gouvenman an ki konstitisyonèlman responsab pou rezoud pwoblèm yon fason san patipri ak jis defason pou konsève règleman lalwa ak pwoteje dwa ak libète yo ki garanti pa Konstitution an ak lwa Etazini a ak Eta sa a.